



Pou Piblikasyon Imedya: 26/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO DETAYE ENVESTIGASYON DEPATMAN SANTE ETA NEW YORK LA AN DE GWROUP COVID-19 NAN REJYON NÒ ETA NEW YORK

Gwoup ki dekouvri nan izin anbalaj pòm nan Konte Oswego ak fabrikan aliminyòm nan Konte Montgomery gras ak efò pou retrase kontak gouvènman lokal ak eta a

Mezi izòlman ak karantèn yo anplas pou ka pozitif yo ak kontak yo konnen ki asosye ak chak gwoup

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke pwogram pou retrase kontak Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la te idantifye epi ap envestige de gwoup ki gen rapò ak COVID-19 nan Rejyon Nò Eta New York. Depatman Sante Eta New York ap swiv gwoup yo ansanm ak depatman sante lokal yo. Pou chak gwoup, mezi izòlman ak karantèn yo anplas pou ka pozitif ak kontak yo konnen yo. Tout moun ki teste pozitif twouve yo nan izòlman epi chak kontak yon moun ki dekouvri pozitif antre nan karantèn. Gouvènè a te raple tout Nouyòkè yo tou pou reponn apèl Sistèm Trasaj Kontak la ak fè tès si nou santi sentòm.

"Estrateji nou depi re-ouvèti a te kòmanse a se te teste, retrase ak izole - epi nou gen bon nouvèl ke estrateji nou ak sistèm trasaj kontak nou an ap mache", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Atravè sistèm sa a, nou te retrase ka pozitif yo nan yon izin anbalaj pòm nan Konte Oswego ak yon izin ki fabrike aliminyòm nan Konte Montgomery ki te kreye ti ogmantasyon nan de rejyon sa yo - epi gras ak pwogram trasaj kontak nou an, nou te jwenn gwoup sa yo rapid, sa ki pèmèt nou abòde sa imedyatman epi ede anpeche viris la pwopaje plis. Nou te travay ansanm pou bese koub la epi rive kote nou ye jodi a, men nou pa ka sispann kounye a. Pou tout Nouyòkè yo - kontinye mete mask, lave men nou, kenbe distans sosyal epi fè tès si nou gen sentòm."

Izin Anbalaj Pòm nan Konte Oswego: Nan mi jen, efò pou retrase kontak yo te revele twa nouvo ka COVID-19 ki pozitif se te anplwaye yon izin anbalaj pòm nan Konte Oswego. Nan jou k ap vini yo, DOH Eta a ak Depatman Sante Konte Oswego te teste kontak yo konnen pou ka pozitif yo, ki gen ladan anplwaye izin lan epi prepare yon sit tès gratis nan yon konplèks apatman kote yon kantite anplwaye ak fanmi yo rete. Sou 179 anplwaye, 82 te teste pozitif jiskaprezan. Izin lan rete fèmèn piske gwoup la sou envestigasyon epi konfine. Anpil nan anplwaye izin lan rete swa nan Konte Onondaga oswa Konte Oneida, sa ki kontribiye nan dènye ogmantasyon nan ka pozitif konfime yo

ak pousantaj rezilta tès pozitif nan tou de konte yo ak nan rejyon New York Santral ak Mohawk Valley. Anplis de sa, kòm rezilta tès nan kominote a ak efò investigasyon yo ke DOH Eta a ak Depatman Sante Konte Oswego ap mennen, gen yon koneksyon posib yo te jwenn ak yon fèm zonyon lokal. Tout 18 anplwaye fèm lan te teste epi gen 4 ka pozitif jiskaprezan.

Fabrikan Aliminyòm nan Konte Montgomery: Nan kad efò pou retrase kontak yo pou izin anbalaj pòm nan Konte Oswego a, li te revele ke plizyè anplwaye nan izin anbalaj pòm nan te kontribiye ak nouvo ka COVID yo nan yon izin pwodiksyon aliminyòm nan Konte Montgomery kote plizyè ka pami anplwaye yo te idantifye. Faktori aliminyòm nan ouvri 24 èdtan pa jou epi gen kat gwoup travay diferan pou anplwaye yo, epi jiskaprezan, pifò ka yo te asosye avèk yon gwoup travay ak youn nan de bilding yo nan etablisman an. Faktori a rete fèmen piske gwoup la sou investigasyon epi konfine. Yon kantite anplwaye faktori aliminyòm nan rete nan Utica nan Konte Oneida, sa ki kontribiye nan dènye ogmantasyon nan ka pozitif konfime yo ak pousantaj rezilta tès pozitif yo nan Mohawk Valley. Operasyon tès yo te mete anplas ni nan izin nan Konte Montgomery a ak ni nan sa Utica a pou anplwaye yo ki pa pwograme pou yon gwoup travay. Nan dat 25 jen, DOH Eta a ak Depatman Sante Konte Oneida a te fè patenarya avèk reprezantan yo nan kominote a pou reyalize yon evènman pou tès nan Utica, ansanm ak etabli opòtinite pou tès kontinyèl pou manm yo nan kominote a ki ka te ekspoze. Jiskaprezan, gen 37 ka pozitif ki te idantifye nan gwoup sa a epi gen rezilta tès anplis ki annatant, epi 200 anplwaye ki rete yo ap fè tès jodi a atravè lòt gwoup travay ak bilding yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)